



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEPO YON PWOSÈ KONT ADMINISTRASYON TRUMP LAN POU AGRESYON YO FÈ SOU VWAYAJÈ NEW YORK YO

*Yon pwosè ki pou chèche bloke Administrasyon Trump lan kont entèdiksyon nan Global Entry pou rezidan New York yo*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke nan non New York, Pwokirè Jeneral Letitia James depoze yon pwosè kont Administrasyon Trump lan konsènan yon nouvo politik federal ki entèdi Nouyòkè yo enskri oswa re-enskri nan Pwogram Vwayajè Konfyans (Trusted Traveler Programs, TTP) gouvènman federal yo. Pwosè a, ki depoze kont Depatman Sekirite Enteryè Etazini (U.S. Department of Homeland Security, DHS) an, Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè Etazini (U.S. Customs and Border Protection, CBP) an, ak lidè enterimè de ajans yo, li diskite ke chanjman politik la abitrè epi li reprezante yon menas pou sekirite Nouyòkè yo ak pou ekonomi Eta a, li fè mal dirèkteman ak dè santèn milye rezidan endividyèl, e li entèfere ak dwa New York yo antanke yon eta souverèn.

"Nou pa pral konpwomèt valè nou yo ni fè bak pandan ke gouvènman federal la kontinye vize New York enjisteman e ilegalman", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Gen plis pase yon douzèn eta - ki gen ladan eta wouj yo (Pati Repibliken) - ki gen lwa similè, men Prezidan Trump ak fasilite li yo yon lòt fwa ankò ap vize yo sou ekonomi New York la nan yon fason ki pa sèlman jennen vwayajè yo, men tou kreye pwoblèm sekirite ki trè reyèl. Pinga nou twonpe nou, nou ap riposte epi nou pral itilize tout zouti ki nan dispozisyon nou pou fè sa".

"Yon Administrasyon ki gen entansyon pou frennen dwa souverèn eta yo pa pral kapab kenbe Nouyòkè yo an otaj, pandan l'ap aplike politik diskriminatwa atravè tout peyi a", **Pwokirè Jeneral Letitia James** te deklare. "Jodi a, nou ap depoze yon pwosè pou fè prezidan an ak administrasyon li an sispann pini New York nan fè pase pwòp lwa li yo. Nouvo politik Administrasyon Trump lan pa sèlman afekte vwayajè, travayè, komès, ak ekonomi nou an negativman, men li mete sekirite piblik la an danje. Pa gen moun ki ta dwe janm itilize sekirite nasyon nou an kòm yon zam politik, alevwa kòmandan an chèf la."

Malgre kapasite gouvènman federal la pou kolekte enfòmasyon yo bezwen nan men Nouyòkè yo ki vle enskri nan yon Pwogram Vwayajè Konfyans, semèn pase a, Prezidan Trump te chwazi New York nan diskou Eta Inyon li an pou aplike pwòp politik eta li yo. Nan demen, Sekretè Enterimè DHS la, ki se Wolf, te fè yon deklarasyon ki te kritike tou chwa politik New York yo. Nan dat 5 fevriye, DHS te voye yon lèt bay Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York la ki deklare ke DHS ta

chwazi ak vize rezidan New York lè li pa enskri oswa re-enskri yo ankò nan yon kantite Pwogram Vwayajè Konfyans, ki gen ladan Global Entry, SENTRI, NEXUS, ak FAST. DHS te itilize lwa Fevè (Green Light) New York la kòm jistifikasyon, malgre reyalyte ke 13 lòt eta ak Distri Columbia te adopte lwa similè ki pèmèt imigran san dokiman yo jwenn pèmi kondwi.

Pwosè ki depoze jodi a mete aksan sou nouvo politik Administrasyon Trump lan ki defye yon fason espesifik Lwa sou Refòm Ransèyman ak Lwa sou Prevansyon Teworis (Intelligence Reform and Terrorism Prevention Act) 2004 la, ki — anba manda Kongrè a ak rekòmandasyon Komisyon bilateral 11/09 — ki te fè apèl ak DHS pou etabli yon pwogram entènasyonal vwayajè anrejistre pou itilizasyon tout eta ak tètwa Etazini yo. Desizyon pou sispann sèlman patisipasyon New York nan pwogram sa mete sekirite piblik Nouyòkè yo ak tout vwayajè yo pwofondman an danje. Pwosè a ale pi lwen pou diskite ke nouvo politik sa a se yon mezi ki pou pini e ki chwazi New York ak kontrenn eta a pou fè li chanje politik li pou fòse yo soumèt anba politik federal prefere yo.

Pa sèlman politik sa a afekte sekirite piblik, men li fè mal espesyalman ak ekonomi ak komès New York la, ansanm ak vwayajè endividyèl yo. Kòm gen mwens Nouyòkè enskri ak re-enskri nan TTPs, konsekans yo pral fè repèkasyon toupatou nan eta a. Liy ankonbre nan èpòt New York yo — twa premye yo te sèvi plis pase 138 milyon pasajè an 2018 — ak lòt pasajè sou fwontyè yo pral mete presyon sou resous yo ak konpwomèt sekirite tout vwayajè yo. Ekonomi New York la pral soufri paske kantite tan pou rete tann nan travès fwontyè a ogmante, yo pral lage patwon yo k'ap fè biznis mondyal nan yon dezavantaj sou plan konkirans, epi rezidan yo ki konte sou vwayaj travès fwontyè yo pral pèdi aksè ak pwogram sa yo.

Desizyon DHS la afekte imedyatman dè dizèn milye Nouyòkè e li pral afekte dè santèn milye rezidan nan eta pandan yon ane:

- Yo apwouve 50,000 moun ki ranpli kondisyon pou Global Entry, men yo pa ko fin acheve entèvyou yo e konsa yo pral "koupe" yo san yo pa acheve aplikasyon pa yo.
- Gen 30,000 rezidan New York anplis ki annatant pwosesis egzaminasyon an kounye a pou Global Entry.
- Yon lòt 175,000 Nouyòkè, ke afilyasyon yo nan Global Entry ekspire ane sa a, yo pa pral pèmèt yo re-enskri nan pwogram nan.
- Chèchè yo estime ke diminye tan datant nan Ayewopò John F. Kennedy sèlman ta ka rann yo ekonomize dè milyon dola nan tan pèdi yo.

Pli lwen, ekonomis yo te estime ke reta sou fwontyè nan fwontyè Etazini/Kanada deja koute biznis Ameriken yo dè milya dola chak ane ak lakoz dè dizèn milye anplwa pèdi, sa ki fè desizyon prezidan an plis danjere menm pou Nouyòkè yo — sitou sa yo ki nan Lwès New York. An reyalyte, Nouyòkè k'ap chèche vwayaje nan tout fwontyè tè New York ak Kanada — espesyalman sila yo ki nan Lwès New York — pral sibi domaj grav nouvo politik Administrasyon Trump lan:

- 30,000 chofè nan pwogram FAST la pral pèdi aksè ak sistèm otomatik la.

- Chofè yo ki nan pwogram NEXUS la — ki nan Lwès New York sèlman, ki asire 6,500 vwayaj chak jou atravè Peace Bridge, Whirlpool Bridge, Lewiston-Queenston Bridge, ak Rainbow Bridge la - t'ap gravman andikape.
- 25 pousan nan sikilasyon otomobil ki itilize Peace Bridge la depann de pwogram NEXUS la epi 60 pousan chofè kamyon yo itilize pwogram FAST la.
- Yon machin an jeneral pran kat fwa plis tan pou deplase atravè Peace Bridge la lè se pa yon chofè NEXUS k'ap kondui li ke si se te yon chofè NEXUS ki t'ap kondui li.

Anplis de sa, DHS deklare ke ekspòtasyon veyikil dezyèm men ki titre ak anrejistre nan Eta New York ta kapab retade e li ka koute pi chè nan kad nouvo politik li a.

Pwosè a diskite ke politik DHS ak CBP a vyole espesyalman garanti pwoteksyon egal nan Senkyèm Amandman an, garanti souverènte egal Dizyèm Amandman an nan mitan eta yo, entèdiksyon aksyon menasan federal, ak Lwa sou Pwosedi Administratif ki nan Dizyèm Amandman an.

Anplis de pwosè New York la, jodi a Inyon Libète Sivil New York (New York Civil Liberties Union, NYCLU) te depoze yon pwosè federal kont DHS la ak CBP a. Yo pote ka NYCLU a nan non yon klas ki konpoze ak dè milyon rezidan New York ke yo entèdi kounye pou aplike pou enskri oswa re-enskri nan Global Entry, sa ki enkli dè dizèn dè milye rezidan ke aplikasyon yo te annatant nan moman entèdiksyon an. Menm jan ak New York, NYCLU konteste aksyon Administrasyon Trump yo ki vyole Lwa Pwosedi Administratif an ak Dizyèm Amandman Konstitisyon Etazini an.

"Sa a se yon atak politik ki vle pini Nouyòkè yo paske yo ap adopte lwa ki gen bon sans ki pran a kontrepye lagè Trump deklare kont kominote imigran yo", **Donna Lieberman, direktè egzekitif New York Civil Liberties Union, te deklare**, "Li enpridan pou falsifye aksè vwayaj Nouyòkè yo, men sa pa etonan. Se egzakteman sa a ke nou ta dwe atann de yon prezidan ki pral fè nenpòt bagay pou pini moun ki kanpe kont ajanda kriyèl li a".

Desizyon gouvènman federal la pou li enpoze nouvo politik sa a debouche sou yon batay konsènan lwa Fevè New York la. Ane pase, Gouvènè New York la Andrew Cuomo te siyen pwajè lwa Fevè a pou fè li vin yon lwa, sa ki pèmèt imigran ki pa gen dokiman yo kapab aplike pou pèmi kondwi. Lwa Fevè a te fèt pou fè wout New York yo pi an sekirite, pou bay yon boustè nan ekonomi eta a, epi pèmèt imigran yo soti nan fènwa Deja, de tribinal federal separe ranvwaye pwosè san merit kont lwa a. Pou asire ke rezidan sa yo ki fèk elijib pou pèmi kondui dapre lwa Fevè a vini pou aplike pou yo, lwa a entèdi ke yo divilge enfòmasyon pèsònèl aplikan yo bay otorite imigrasyon federal yo, eksepte jan lalwa egzije sa.

Rezidan New York yo ki deja se patisipan aktif nan Pwogram Vwayajè Konfyans yo pa pral patisipe nan Global Entry oswa yo pa pral patisipe nan nenpòt lòt pwogram yo revoke yo. Pandan DHS di ke yo pa pral afekte TSA Pre nan moman sa a, ajans lan pa ekate plis aksyon alavni.

Se Asistan Pwokirè Jeneral Daniela Nogueira ki soti nan Divizyon Inisyativ Federal (Division of Federal Initiatives) yo, Chèf Adjwen Biwo Dwa Sivil la ki se Elena Goldstein, ak Avoka an Chèf Inisyativ Federal yo ki se Matthew Colangelo, ansanm ak Avoka

Jeneral Adjwen an ki se Jeffrey W. Lang ak Avoka Jeneral Asistan ki se Linda Fang — tou de soti nan Divizyon Apèl ak Opinyon (Division of Appeals and Opinions) ki ap trete zafè sa a. Se Premye Pwokirè Jeneral Adjwen an, Jennifer Levy, ki sipèvize Divizyon Inisyativ Federal yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)